

# KESSYON / REPOS

## Kisa sa vle di estati rezidan pèmanan?

Sa vle di gouvènman Kanada ba ou pèmisyon pou **viv pou toutan Kanada** avèk kèk kondisyon.

## Èske m ka pèdi estati rezidan pèmanan mwen an?

**WI.** Yon moun ka pèdi estati rezidan pèmanan li a si l rete **deyò Kanada** pandan plis pase 2-an sou yon peryòd 5-an. Yon moun ki komèt yon krim yo di ki grav ka pèdi estati rezidan pèmanan li a tou.

## Èske m ka vote?

**NON.** Lalwa pa pèmèt rezidan pèmanan yo vote nan **eleksyon federal, pwovensyal oubyen minisipal**. Se sèlman sitwayen kanadyen ki ka vote.

## Èske m gen dwa gen yon paspò kanadyen?

**NON.** Yon rezidan pèmanan ap gen dwa gen paspò kanadyen sèlman lè li vin **sitwayen kanadyen**.

Avan sa, yon rezidan pèmanan ka vwayaje san pwoblèm epi retounen Kanada ak **kat rezidans pèmanan lii**.

## Kilè m ka vin sitwayen kanadyen?

Yon moun ka vin sitwayen kanadyen si l rete Kanada kòm rezidan pèmanan :

- **Pou pi piti** 6 mwa nan yon ane
- **pandan** 3 ane
- **depi** 5 dènye ane yo

## Èske l posib pou pèdi estati sitwayen kanadyen an?

**WI.** Si gouvènman Kanada a konsidere ou te bay gwo manti, li posib pou yo tante retire sitwayènte a. Tout moun ki nan sitiayon sa a dwe parèt devan lakou pou yo tande l.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avi ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiayon tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

**Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo : « L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec », ki disponib gratis sou : [www.servicesjuridiques.org](http://www.servicesjuridiques.org)**

Nou vle remèse « ministère de la Justice du Québec » (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon « ministère de la Justice du Québec ».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifye, kreyòl ak espanyòl).

- Ou se demandè azil o Kebèk
- Ou se yon san papye o Kebèk
- Ou se refijye aksepte o Kebèk
- Ou se refijye refize o Kebèk
- Ou gen pèmi sejou tanporè o Kebèk
- Ou se travayè tanporè e etidyan etranje o Kebèk
- Kritè rezidans

Dépôt légal 2017  
Bibliothèque et Archives nationales du Québec  
Bibliothèque et Archives Canada

Être résident permanent au Québec

# OU SE REZIDAN PÈMANAN O KEBÈK

Konnen dwa w nan pwogram sosyal yo

## LAJISTIS

Èske m ka konsilte yon avoka gratis si m gen yon pwoblèm jiridik?

WI. Si yon moun admisib pou èd jiridik dapre revni li, si l rete o Kebèk, **kelkeswa estati imigrasyon li.**

Sèvis ki disponib yo se : dwa familyal, administratif, imigrasyon, jenn moun, kriminèl, lojman, elatriye.

Èske m gen dwa al nan tribunal si m gen yon pwoblèm avèk pwopriyetè kay kote m rete a?

WI. «Régie du logement» ka ede w si w gen yon «bail» ant lokatè a ak pwopriyetè a. **Yo pa verifye estati imigrasyon pou sa.**

Moun ki viktim diskriminasyon nan kesyon lojman ka pote plent nan «**Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse**» la.

## LAFANMI

Èske pitit mwen ka ale lekòl?

WI. Timoun ki gen estati rezidan gen dwa pou ale lekòl publik gratis epi se yon obligasyon pou yo ale lekòl Kebèk.

Èske m gen dwa al lekòl?

WI. Yon rezidan pèmanan gen dwa al lekòl **san pèmi etid.**

Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon pou timoun?

WI. Si yon rezidan pèmanan gen gad pitit li pou kont li oubyen pataje, l ap resevwa **alokasyon kanadyen pou timoun** (federal) ak **soutyen pou timoun** (pwovensyal).

Èske m ap gen dwa pou m jwenn prestasyon gouvènman an si m fè yon timoun oubyen si m adopte yon timoun?

WI. Yon rezidan pèmanan ki te travay pandan 12 dènye mwa yo gen dwa pou l jwenn prestasyon Rejim kebekwa asirans parantal la (RQAP an franse) (parantal, matènité, patènité, adopsyon).

## PRESTASYON

Èske m gen dwa pou m jwenn èd sosyal?

WI. Yon rezidan pèmanan ka resevwa èd sosyal si sitiyasyon finansyè li pèmèt sa.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon si m viktim yon zak kriminèl?

WI. Pwogram endamnizasyon viktim zak kriminèl yo (IVAC an franse) **pa baze sou estati imigrasyon viktim nan** pou evalye admisiblite I pou ba li prestasyon yo.

Èske m gen dwa pou m jwen konpansasyon finansyè si m viktim nan yon aksidan machin?

WI. Pwogram Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) kouvrí tout moun ki gen **rezidans legal**, kidonk, rezidan pèmanan yo tou, pou aksidan ki fèt anndan tankou deyò Kebèk, san y opa bezwen konnen kòz aksidan.

Èske m gen dwa pou m jwenn soutyen finansye pou granmoun?

WI. Yon rezidan pèmanan gen dwa pou jwenn prestasyon «**Sécurité de la vieillesse**» apati laj 65-an si l viv o Kanada pandan 10-an pou pi piti depi nan laj 18-an.

Li pa nesesè pou w te rezidan legal pandan tout dire 10-an yo, men sèlman nan moman demann nan.

Yon rezidan pèmanan gen dwa tou pou jwenn prestasyon **rejim rant Kebèk**, depi li te travay Kebèk epi kotize nan rejim nan.

## LASANTE

Èske m gen dwa pou m jwenn swen sante ak medikaman gratis?

WI. Yon rezidan pèmanan gen dwa pou **jwenn asirans maladi (swen sante) ak asirans medikaman** (avèk pèman yon prim selon lanjan li fè) «Régie de l’assurance maladie du Québec» la administre.

## TRAVAY

Èske m ka travay?

WI. Yon rezidan pèmanan ka mande yon **nimewo asirans sosyal** epi travay **san pèmi travay**.

Èske m ka pote plent pou anplwayè mwen an si kondisyon travay mwen yo enjis?

WI. Komisyon ki responsab **nòm minimal travay la** (CNESST an franse) aksepte plent yo **kèlkeswa estati imigrasyon travayè a.**

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansye si m fè yon aksidan nan travay mwen ki anpeche m travay pandan yon tan oubyen pou lavi?

WI. Yon rezidan pèmanan admisib pou li jwenn prestasyon nan Komisyon ki la pou **jere sante ak sekirite nan travay** (CNESST) paske rezidan an ka travay legalman o Kanada.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansye si m pèdi travay mwen?

WI. Yon rezidan pèmannan admisib pou l jwenn asirans anplwa gouvènman Kanada a bay, paske l gen dwa travay legalman o Kanada.

Si demann asirans anplwa a aksepte, moun ki pèdi travay li a dwe disponib pou l travay.

Asirans anplwa ap ranplase 55% revni avan enpo.